

READY NEW YORK

PLAN-

DIJANS

MWEN



Biwo Jesyon Ijans
Depatman pou Moun ki Aje
Biwo Majistra a pou Moun ki Andikape
Bill de Blasio, Majistra

ENFÒMASYON MWEN YO

Tanpri ekri an lèt detache. Si ou wè dokiman an sou fòm yon PDF, klike sou zòn ki make a pou tape enfòmasyon yo.

Prenon:

Adrès:

Telefòn pou Lajounen:

Telefòn pou Aswè:

Telefòn Selilè:

Imèl:

Gen twa (3) etap debaz pou prepare ou pou nenpòt ijans:



FÈ YON PLAN



RASANBLE PWOVIZYON



CHÈCHE JWENN ENFÒMASYON

Reflechi sou fason ijans yo ka afekte ou. Ijans yo kapab se dife ki pran lakay ou, so ou pran nan kay la, ak siklòn. Itilize gid sa a kounye a pou endike kisa ou ta ka bezwen pandan yon ijans.

Ou pa vle fè eksperyans yon ijans poukont ou. Mande omwen de (2) moun pou fè pati rezo ou a-manm fanmi, zanmi, vwazen, moun k ap bay swen, kòlèg travay, oswa manm gwoup kominotè. Sonje, youn ap ede lòt nan ijans yo.

Rezo sipò ijans ou ta dwe:

- Rete an kontak pandan yon ijans.
- Kenbe yon twouso anplis kle ou yo.
- Konnen kote pou jwenn pwovizyon pou ijans ou yo.
- Konnen kijan pou opere ekipman ou, oswa pou ede ou deplase nan yon ijans.

Kontak avèk rezo sipò a:

Non/Sa moun nan ye pou
ou:
Telefòn (lakay/travay/
selilè):
Imèl:

Non/Sa moun nan ye pou
ou:
Telefòn (lakay/travay/
selilè):
Imèl:

Chwazi yon zanmi oswa yon manm fanmi ki pa nan eta a ke fanmi oswa zanmi kapab rele pandan yon katastwòf. Si liy telefòn lokal yo okipe, apèl long-distans ka pi fasil pou fè. Kontak deyò eta sa a kapab ede ou kominike avèk moun ki nan rezo ou.

Kontak deyò eta a:

Non/Sa moun nan ye pou
ou:
Telefòn (lakay/travay/
selilè):
Imèl:

Enfòmasyon enpòtan pou sante ak pou sove lavi moun:

Alèji:	
Kondisyon medikal espesyal:	
Medikaman ak dòz chak jou:	
Preskripsyon linèt:	
Gwoup sangen:	
Aparèy/Ekipman kominikasyon:	
Plan asirans sante:	
Lopital ou pito:	
ID #:	
Gwoup #:	
Doktè/Espesyalis:	
Telefòn:	
Famasi:	
Adrès:	
Vil:	
Telefòn:	
Faks:	

Sèvis transpò

Prepare ou pou fè lòt plan pou transpò si tren ou oswa otobis yo pa fonksyone.

M ap rele (zanmi):

Telefòn (lakay/travay/
selilè):

Sèvis taksi:

Telefòn:

Bay tèt ou yon abitid aprann sòti yo kèlkeswa lè ou nan yon nouvo kote (pa egzanp, sant komèsyal, restoran, sal sinema).

Ajoute Kominikasyon nan Plan Ou

Pran tan **kounye a** pou planifye kijan w ap pale avèk zanmi oswa travayè ijans yo nan yon ijans. Pandan yon ijans, fason nòmal pou w kominike ka afekte avèk chanjman ki nan anviwònman an, bwi oswa konfizyon. Konnen kijan ak kisa w ap bezwen pou kominike pandan yon ijans.

- Si ou Soud oswa mal pou tandé, fè pratik pou kominike bezwen ou avèk jès, fich, mesaj nan tèks, oswa lòt mwayen.
- Si ou avèg oswa si ou gen vizyon fèb, prepare ou pou eksplike lòt moun yo kijan li pi bon pou yo gide ou.



Prepare yon bagay kounye a ki dekri bezwen ou nan ekspresyon ki kout e ki gen yon siyifikasyon. Ou ka pa gen ase tan pou bay tout moun mesaj ou. Fich ki ekri davans oswa mesaj nan tèks kapab ede ou bay enfòmasyon pandan yon sitiyasyon ki bay estrès oswa yon sitiyasyon ki difisil. Men kèk nan ekspresyon yo:

- Mwen ka gen pwoblèm pou konprann sa w ap di mwen an. Tanpri pale dousman epi itilize langaj senp.
- Mwen itilize yon aparèy pou kominike.
- Mwen Soud epi mwen Itilize Langaj Siy Ameriken.
- Tanpri note enstriksyon yo.
- Mwen pale [mete lang lan].

Fich yo ta dwe aplike pou ijans andedan ak deyò lakay ou. Asire ou genyen yo sou ou toutan. Si ou gen pwoblèm pou kreye fich yo, mande fanmi, zanmi, oswa moun k ap ba ou swen pou ede ou.

Anba a se espas pou w ekri pwòp ekspresyon ou yo:

- Deplase imedyatman si lavi ou an danje.
- Deplase imedyatman si ou pran sant gaz, oswa si ou wè lafimen oswa dife.
- Rele 911 si ou bloke ak si ou bezwen asistans pou ijans pou deplase kite kay ou.
- Sonje pou koute estasyon radyo ak gade televizyon lokal, pou ale nan sit wèb NYC.gov, oswa pou rele 311 (TTY: 212-504-4115) pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou ijans.

Kote pou Rankontre

Konnen kote w ap rankontre fanmi ou, zanmi ou, oswa moun k ap ba ou swen apre yon ijans. Chwazi de (2) kote pou rankontre: youn deyò lakay ou epi lòt la deyò katye ou, tankou yon bibliyotèk, yon sant kominotè, oswa yon legliz.

Kote pou rankontre ki toupre lakay ou:

Adrès:

Kote pou rankontre deyò katye a:

Adrès:

Chèche konnen si w ap viv nan zòn pou deplase pou siklòn. Pou fè sa, ale sou sit wèb Hurricane Zone Finder nan NYC.gov/hurricanezones, oswa rele 311 (TTY: 212-504-4115).

M ap viv nan zòn:



Chwazi zanmi oswa fanmi ou kapab rete avèk yo sizoka ou pa kapab rete lakay ou.

Mwen kapab rete avèk:

Non/Sa moun nan ye pou ou:	
Adrès:	
Telefòn (lakay/travay/ selilè):	
Imèl:	
Non/Sa moun nan ye pou ou:	
Adrès:	
Telefòn (lakay/travay/ selilè):	
Imèl:	

Fè pratik deplasman regilyèman, epitou anvizaje diferan sitiyasyon ou ka jwenn, tankou chemen oswa sòti ki bloke. Mete bêt sèvis ou nan egzèsis deplasman an pou yo ka vin abitye avèk wout pou sòti yo.

Abri

Pou moun ki pa gen lòt kote pou rete, yo ka prepare abri pou katastwòf nan lekòl yo, nan bilding Minisipalite Vil la, ak nan legliz yo. Yo ofri manje debaz ak dlo. Abri yo PA gen ekipman espesyal (pa egzanp, oksijèn, èd pou deplasman, batri). Prepare ou pou pote pa ou.

Yo ka fè chanjman nan abri yo selon ijans lan. Pou jwenn yon abri ki gen aksè fasil ki toupre ou pandan yon ijans, rele 311 (TTY: 212-504-4115).


Mande manm fanmi ou oswa yon moun ki nan rezo sipò ijans ou pou ale nan abri a avèk ou.



Tout moun ki lakay ou ta dwe mete yon Valiz pou Deplasman yon gwoup atik ou ta vle si ou dwe deplase prese-prese. Valiz pou Deplasman ou ta dwe solid, fasil pou pote, tankou yon sakado oswa yon ti valiz ki gen wou.

Tcheke atik ou genyen yo, epi mete sa w ap bezwen yo:


- Kopi dokiman enpòtan yo nan yon resipyen enpèmeyab (pa egzanp, kat asirans, kat Medicare/Medicaid, ID ki gen foto, prèv adrès, papye maryaj ak batistè, kopi kat kredi ak kat ATM)
- Flach, radyo AM/FM ki jwe ak pil, ak pil siplemantè
- Lis medikaman w ap pran yo, pou kisa ou pran yo, ak dòz medikaman yo
- Enfòmasyon kontak pou kay ou ak pou moun ki nan rezo sipò ou
- Lajan kach, an ti biyè
- Blòk-nòt ak plim
- Twous pou repare kawotchou avèk ayewosòl ak/oswa ponp pou mete van nan wou pou repare wou chèz-woulant oswa wou eskoutè ki plat
- Atik pou bêt sèvis ou oswa pou bêt kay ou (pa egzanp, manje, dlo siplemantè, bòl, kòd, atik pou netwayaj, dosye vaksinasyon, ak medikaman)
- Ekipman medikal derezèv (pa egzanp, linèt, batri)
- Lòt atik pèsonèl:






Nan kèk ijans, tankou tanpèt lakòt ak tònad, ou ka gen pou rete lakay ou. Yon twous pwovizyon pou ijans ta dwe gen ase pwovizyon pou omwen twa (3) jou.

Tcheke atik ou genyen yo, epi mete sa w ap bezwen yo:

- Yon galon dlo mineral pou chak moun pa jou
- Manje nan bwat, toupare ki p ap gate ak yon kle pou louvri bwat yo alamen
- Flach, radyo AM/FM ki fonksyone avèk pil, ak pil siplemantè, oswa radyo ki fonksyone avèk manivèl ki pa bezwen pil
- Siflè oswa klòch
- Ekipman medikal derezèv (pa egzanp, oksijèn, medikaman, batri eskoutè, pwotèz oditif, èd pou deplasman, linèt, mask pou figi, gan)
- Kalite ak nimewo seri aparèy medikal (tankou estimilatè kadyak) ak enstriksyon pou itilizasyon
- Lòt atik:




Konsiderasyon Espesyal

- Si ou depannde ekipman medikal elektrik, kontakte konpayi founisè medikal ou pou jwenn enfòmasyon sou enèji derezèv.
- Mande konpayi sèvis piblik ou si ou kalifye kòm yon kliyan pou ekipman sipò lavi, epitou wè si ou kapab enskri non ou kòm kliyan ki ta dwe jwenn priyorite lè y ap rebay kouran.
- Si ou depannde oksijèn, pale avèk konpayi founisè oksijèn ou konsènan ranplasman pou ijans.
- Si w ap resevwa tretman tankou dyaliz oswa chimyoterapi, chèche konnen plan-dijans founisè ou.

**DEPI OU SWIV TOUT ENSTRIKSYON KI NAN
GID SA A, OU SE YON NOUYOKÈ KI PARE!
FELISITASYON!**

**RESOUS MINISIPALITE VIL NEW YORK**

Sof si ou jwenn lòt nòt, rele 311 (TTY: 212-504-4115) oswa ale nan sit wèb NYC.gov pou kontakte ajans Minisipalite Vil la.

Biwo Jesyon Ijans Minisipalite Vil Nouyòk

NYC.gov/oem

Depatman Vil Nouyòk pou Moun ki Aje

NYC.gov/aging

Biwo Majistra a pou Moun ki Andikape

NYC.gov/mopd

Enfòmasyon pou preparasyon nan Ready New York

NYC.gov/readyny

Lokalizatè Zòn Deplasman pou Ouragan

NYC.gov/hurricanezones

TOUJOU CHÈCHE ENFÒMASYON**OEM sou Facebook ak Twitter**

www.facebook.com/NYCemergencymanagement
@nycoem

Notify NYC

Enskri pou resevwa avi pou ijans yo depi ou ale nan sitwèb NYC.gov/notifync, depi ou rele nimewo 311, oswa depi ou swiv @NotifyNYC sou Twitter

**BAY PATISIPASYON OU: PRAN KLAS OSWA
ANTRE NAN EFÒ POU PREPARASYON AN****Lakwa Wouj Ameriken nan Greater New York**

877-RED-CROSS (877-733-2767),
www.nyredcross.org

Pwogram Ekip Repons pou Ijans nan Kominote**Vil Nouyòk (CERT)**

NYC.gov/cert

NYC Citizen Corps Council

NYC.gov/citizencorps

SÈVIS PIBLIK

Con Edison

800-75-CONED (800-752-6633)
(TTY: 800-642-2308), www.coned.com

Public Service Electric and Gas Company - Long Island (PSEG LI)

800-490-0025 (TTY: 631-755-6660)
www.psegliny.com

National Grid

718-643-4050, (TTY: 718-237-2857)
www.nationalgridus.com

FOUNISÈ SÈVIS KI PA KOMÈSYAL

National Organization on Disability's Emergency Preparedness Initiative

202-293-5960, (TTY: 202-293-5968),
www.nod.org/emergency

LifeNet

Pou jwenn enfòmasyon sou sante mantal, yon rekòmandasyon, oswa si ou bezwen pale avèk yon moun, rele Liy Dirèk Sante Mantal konfidansyèl Vil Nouyòk 24 èdtan pa jou.

Angle ak tout lòt lang yo: 800-LIFENET
(800-543-3638), (TTY: 212-982-5284)

Nan lang Panyòl: 877-AYUDESE (877-298-3373)

Nan Lang mandaren, kantonè, ak koreyen: 877-990-8585

RESOUS MWEN YO

Mete resous enpòtan pa ou yo ak nimewo telefòn ou yo la a.

OEM ta renmen di mèsi pou manm Gwoup Konsiltatif pou Bezwen Espesyal yo pou travay di yo te fè nan pwojè sa.

GID SA A DISPONIB TOU NAN FÒMA ODYO NAN LANG ANGLE AK NAN LANG KI ENDIKE ANBA LA YO.

ARABIC

الحصول على نسخة من هذا الدليل باللغة الانجليزية اتصل بـ 311 (معوق السمع: 212-504-4115) أو قم بزيارة NYC.gov/readyny

BENGALI

এই সহায়িকার একটি বাংলা প্রতিলিপি পেতে হলে, 311 (TTY: 212-504-4115) নম্বরে ফোন করুন অথবা NYC.gov/readyny দেখুন।

CHINESE

如欲索取中文版的指南, 請致電311 (TTY: 212-504-4115) 或訪問NYC.gov/readyny。

ENGLISH

Call 311 or visit NYC.gov/readyny for copies of this guide in English.

FRENCH

Pour obtenir une copie en français de ce guide,appelez le 311 (TTY: 212-504-4115) ou visitez le site NYC.gov/readyny.

HAITIAN CREOLE

Pou jwenn yon kopi gid sa a nan lang Kreyòl Ayisyen, rele 311 (TTY: 212-504-4115) oswa ale nan sitwèb NYC.gov/readyny.

ITALIAN

Per ottenere una copia di questa guida in italiano, telefonare al numero 311 (TTY: 212-504-4115) o visitare il sito NYC.gov/readyny.

KOREAN

본 안내서의 한국어 사본을 받으시려면, 311 (TTY: 212-504-4115)로 전화하시거나 NYC.gov/readyny를 방문하십시오.

POLISH

W celu otrzymania polskiej kopii niniejszego przewodnika, należy zadzwonić pod nr 311 (nr dla osób z upośledzeniem słuchu: 212-504-4115) lub zajrzeć na stronę internetową NYC.gov/readyny.

RUSSIAN

Для того чтобы получить данную брошюру на русском языке, позвоните по телефону 311 (TTY: 212-504-4115) или посетите веб-сайт NYC.gov/readyny.

SPANISH

Llame al 311 (TTY: 212-504-4115) o visite NYC.gov/readyny para obtener acceso a este folleto en español.

URDU

اس ہدایت نامے کی انگریزی کاپی حاصل کریں، 311 (TTY: 212-504-4115) پر کال کریں یا NYC.gov/readyny دیکھیں۔

YIDDISH

זו ערלהלטן אידישע קאפאיע פון דעם וועגאַיזער, רופט 311 (TTY: 212-504-4115) אָדער באז'וכט NYC.gov/readyny